


PFUNGWA YECHITANHATU

 Neniwo, ndichiri kudya, kubva pamaropafadzo atawana mangwanani ano. O, kupfuurira, kokuwandisa, hazvizikanwi, Mwari zvaanotiitira kana taungana pamwe chete! Makacherechedza here kubva patakazvitsaura nokuzvipira kuna Mwari, kuti zvinhu zvanga zvichiitika sei pano? Maropafadzo pamusoro pamaropafadzo, simba pamusoro pesimba, kubwinya pamusoro pokubwinya! Zvanga zvichiropafadza. Uye Iye achaenderera mberi achiita izvi. Idzi hengechepfu, ndadzinamatira, ka—kana varipo varidzi vadzo pano.

² Zvino ndinoda kutaura zvishoma, kwekanguva, uye chokutanga ndinoda kukutendai mose nechipo cheKirisimasi, chesutu yembatya yamakanditengera. Ndizvo zvamakapiwavo here, Hama Neville? [Hama Neville vanoti, “Hongu, changamire. Hongu, changamire.”—Mupepeti.] Hongu, changamire. Hongu, isutu yembatya. Zvino, vaparidzi vanototi vasevenzese sutu yembatya. [“Inondikwana zvakanaka.] Zvinofadza, ndizvo zvakanaka. Zvino, tinodikitira, uye dikita rinosakadza mbatya kudarika zvose zvandinoziva, maona, uye zvinoda mbatya dzakawanda kumuparidzi. Uye mbatya dzakanaka... Mbatya dzakachipa dzekotoni dzinosakara, nenguva duku-duku. Nokudaro su—sutu yakanaka seizvi inombogara.

³ Zvino imbofungai, muri kutsigira nokupa mbatya idzi kuvaranda vaShe. Uye Ishe akuropafadzei. Jesu akati, “Sezvamakaitira vadiki ava vehama dzangu, makazviita kwaNdiri.” Nokudaro hamuna kupa, kutengera vaparidzi vaviri sutu; matengera Jesu masutu maviri. U-u-u. Ndizvo zvaAkataura, “Mazviitira Ini.”

⁴ Asi maropafadzo abva kuDenga, mangwanani ano, mazvicherechedza here? Pasina kudana vanhu kuaritari, pasina chaitwa; asi mumashure meMharidzo uye—uye kufefetera kwoMweya Mutsvene kuchizvidurura pavanhu, kubwinya kwaMwari kuchifamba, vatanga kuuya, kubva, mativi ose. Ndacherechedza dzimwe shamwari dzangu dzeBhaptisti, dzokuWalnut Street Bhaptisti Chechi, yomuLouisville, vakamira pakati pamabhenji, vachizviyanika musimba raMwari. O-o, ini zvangu! Uye ndasangana navo mushure mesevhisi, vakati, “Ndiri simba raMwari.”

Ndikati, “Ichokwadi. Muri, muri kutaura chokwadi.”

⁵ Simba raMwari! Uye haugoni kuwana mashoko okutaura. Hauzivi zvokutaura. Mweya Mutsvene unogotora musangano uye hauzivi zvaAchaita naWo. Chinyararire, zvinotapira, zvakaninipiswa, zvakatyoka. O-o, Hama Pat, zvinenge

sokuDenga, kwandiri. Ndiri mumwe wechinyakare anofarira kunzwa chimwe chinhu mazviri, maona.

⁶ Somushakabvu Paul Rader, akati kuna... Imwe nguva akanga achitaura nyaya. Akati iye nomudzimai wake vakanga vagere patafura, zvino mudzimai aida kuenda kune imwe nzvimbo kana kuita chimwe chinhu, ndokuramba achiti kwaari, “Handikwanisi kuzviita,” nezvimwe zvakadaro, akamupindura zvisina kunaka.

⁷ Zvino akamutarisa, uye misodzi yairera pamatama, akati kwaari, akati, “Zvino, zvakana,” akafunga mumwoyo make kuti, “kana achikurumidza kugumbuka seizvi, ngaagumbuke.” Zvino iye, somurume, akapeta pepa rake ndokuriisa paiva nendiro yake.

⁸ Zvino mudzimai aisimira pamukova omutsvoda kana ava kuenda; paaizovika pagedhi, aimusimudzira ruoko, zvino va—vaibva vawonekana, maona, kusvika paaizodzoka kubva kuhofisi.

⁹ Zvino mangwanani aya, akati, paakatangisa kubuda, zvino, pa... pamukova, zvino, mudzimai akanga akamira pamukova, akamutsvoda akafamba achienda kugedhi, akavhura gedhi ndokucheuka, mudzimai akanga akamira pamukova akatsikitsira, achakatsamwa, akati akasimudza ruoko, iye ndokusimudzavo rwake.

¹⁰ Akati akapinda munzira, akatanga kufunga, “Ko kana chimwe chinhu chikaitika kwandiri ndisati ndadzoka kumba, kana kuti, chimwe chinhu chikaitika kwaari ndisati ndadzoka, Mwari wotibvisa panyika; uye somukadzi akanaka sezvaaiva, nokutapira kwaanako, nezvakadaro?” Akati, sokuenda kwaaiita, mwoyo wake wakanyanya kunetseka.

¹¹ Zvino akangotendeuka akamhanya achidzoka, ndokuvhura gedhi, akamhanyira mumba, akavhura musuwo. Paakavhura musuwo, akanzwa kuchema. Akatarisa, mudzimai akanga akamira seri kwegonhi. Akati haana kumboti “ruregerero,” haana kuti “ndinokumbira ruregerero,” haana chaakataura. Akati akamubata ndokumutsvoda zvakare, ndokutendeuka achibuda panze. Anoti akasvika pagedhi, zvino mudzimai akanga akamira pamusuwo zvakare. Akati, “Sara zvakana.” Iye akati, “Enda zvakana,” akati, zvakanga zvakafanana nezvokutanga, asi nguva iyi zvakanga zviine chinhu chawainzwa mazviri.

¹² Zvino ndizvo zvazviri. Kana zviine kunzwira mazviri, maona, kuti ichi chinhu chaicho chabva kunaMwari.

¹³ Zvino mukusarudzwa nguva shoma yapfuura, komubati wehomwe mutsva, Hama Sothmann. Ndine chokwadi chokuti vabati vehomwe, nemi mose, munoziva zvino, kuti, panopera gore, pakuvamba kwaNdira, mahofisi ose omucheche, savafudzi namadhikoni, navamwe, vanosvika pavanofanira kumira.

Zvino kana vachida kuendera mberi...Kwete vafudzi; handizvo zvandanga ndichida kureva. Ndanga ndichireva vabati vehomwe, namadhikoni, navadzidzisi vechikoro cheSvondo, navamwe. Zvino, mufudzi anosarudzwa nechechi, uye anogara kusvikira, kusvikira. Uye ipapo—ipapo ivo... Kana vanhu, vabati vehomwe varipo zvino, kana madhikoni, kana vadzidzisi vechikoro cheSvondo, kana ani zvake, kana vachida kuendera mberi, vanoendera mberi. Kana vasingadi, ipapo vano—vanofanira kurega kana vasingadi kuenderera mberi; hapana chakashata pazviri. Zvino vanoenderera mberi kwegore rose. Uye—uye vakasaenderera mberi, zvino panova nesarudzo, pogadzwa mumwe mubati wehomwe, kana—kana zvichienderana nehofisi yacho.

¹⁴ Nokudaro, hazvisungiri munhu, hupenyu hwake hwose, kuti abate basa iri. Asi kana achinzwa chete kuti Mwari anaye achimubatsira, uye anoda kuita chikamu chake, kana chikamu chake kana chingava chipi, kuenderera mberi nebasa raMwari, tinofarira nguva yose kuti tive navo vachishanda nesu. Maona? Asi nezira iyi zvinopa munhu mukana wokushanda kwegore voona kuti vanozvifarira here. Vamwe vavabati vedu vehomwe vanogara kwamakore namakore namakore, namadhikonivo zvakare, uye izvi zvakanaka chaizvo. Asi zvino hapana nguva yakatarwa. Kana mubati wehomwe, kana mufudzi, kana mumwe munhu ari pachigaro, asinganzwi kuti anokwanisa kuramba achishanda, kana achida kubva, zvino vanozivisa chechi, kuti ikwanise kuisa mumwe munhu panzvimbo yavo.

¹⁵ Uye ndizvo zvanga zvichiitwa pano husiku huno, neHama Morgan, Hama William Morgan vachiregedza kushanda somubati wehomwe. Vanga vachida mumwe mubati wehomwe. Zvino Hama Sothmann vakasarudzwa somubati wehomwe, pane imwe nguva, zvino manheru ano vagashirwa pachigaro ichi.

¹⁶ Zviri pamutemo, bedzi kana iri chechi. Muechechi yedu, ndiko kuzvikwanira kwechechi. Chechi inobvisa, kana kuisa mubati wehomwe, chechi inobvisa mufudzi, kana kuisa mufudzi, kana chingava chii, zvose zviri kuchechi. Ndiho huapostora. Ndiyo nzira yazvaitwa nayo munguva yeBhaibheri. Nokudaro, tinonzwa kuti hapana munhu mumwechete, zvino, anoita simba oga kana zvakadaro muechechi. Hatidi izvozvo. Murume wose, munhu wose, kana ini, mukusarudza munhu, ndine vhoti imwe chete, somunhu wose zvake womuechechi muno, vhoti imwe bedzi. Hazvizi zvandinotaura; asi zvinotaurwa nechechi, maona, zvinotaurwa nechechi yose. Munozvida here izvi? [Ungano inoti, “Ameni. —Mupepeti.] O-o, ndinofunga kuti aya Magwaro. Ndiyo nzira yazvinofanira kuva.

¹⁷ Zvino, iyi ichange iri vhiki inoshamisa kwandiri, kutanga, mangwana, Ishe vachitendera. Ndinofanira kuita sarudzo dzegore rinouya, pakukokwa kwandakaitwa. Ndinoda kuenda ku—kuhofisi kwangu nditora matsamba ose okukokwa

ndoenda nawo kumba. Zvino, kwamazuva mashoma anotevera, ndichanamata, kuna Mwari, kunamata kuti Anditungamirire nokundiratidza nzira yokuenda nayo nezvokuita. Hatisi kurarama munguva yakafanana neyaAiva panyika, Mwari paAimutungamirira kunzvimbo nenzvimbo, uye Aipinda muguta kwamaawa mashoma obva oenda kune rimwe guta. Asi nhasi zvina maitire akasiyana, hurongwa, mapato avaparidzi nezvinhu zvakawanda zvinofanira kuitwa.

¹⁸ Uye nzira yandinoina nayo, ndinitora tsamba dzose dzokukokwa dzokuAfrica ndodziisa apo, dzose dzokuIndia, dzose dzokuCalifornia, kuUtah, nokumwe kose kwakasiyana, ndodzironga namapoka. Ndinosiya dzakadar. Zvino ndopinda pakutsvaga nokunamata, dzimwe nguva ndopinda mumota ndoenda kwezvava kana maviri. Ndodzoka, ndichinamata. Chimwe chinhu chouya pamwoyo pangu kuti ndiende kune imwe nzvimbo, zvino ndotarisa kuti ndini ndiri kungonzwa kudaro here. Zvino, mushure, zvino ndi . . . kana ndava kunzwa kusundwa zvakanyanya, ndinoenda patsamba dzakabva kunzvimbo yacho, ndonhoga tsamba yokukokwa, ndoverenga, kuti ndione kwairi. Zvino, kubva ipapo.

¹⁹ Hechino chikonzero ndichizviita. Funga kufamba makumi manomwe amaawa namaawa maviri mundege, mudutu, uchizunzwa zunzwa, nokutenderedzwa, kana makamboenda mhiri kwamakungwa. Haumbozivi dzimwe nguva muno—munokwira, uye dzimwe nguva yodzika, ichizunguzwa, nokupeperetswa, nomumakore napamusoro pemvura, kwamazuva matatu nohusiku hutatu. Zvino woburuka mune imwe nyika, uye chaunotanga kusangana nacho ndiSatani, “Zvakanaka, boka ravaparidzi rakataura *izvi*, vamwe vakapikisa pavakaita vhoti, vamwe vakabvumira.” Maona?

²⁰ Ipapo unogona kutaura kuti, “Zvino, dzimwe nguva Mwari anga asingadi kuti ndiuye.

²¹ Asi kana wakatumwa naMwari, unenge wakagadzirira kusangana nomuvengi. Unoti, “Ndauya pano, neZita raJesu Kristu. Ndauya muZita raShe Jesu, uye pano ndichagara kusvikira basa Rake rapera.” Maona, zvino unenge wagadzirira kusangana nomuvengi.

²² Zvino, munondida, ndinoziva kuti munondida. Nokudaro ndinamatirei vhiki ino, kuti ndiite sarudzo yakanaka, nokufemera kwaMwari kwaachanditungamirira nako.

²³ Zvino ndichava nemisangano mishoma midiki, yandinodaidza kuti, misangano yokungoti apa naapo. Ndichaenda zasi kuFlorida, musu wa8, 9 na10 mwedzi uno; kana, Tifton, kuGeorgia. Tifton, kuGeorgia, musu wa8, 9 na10 Ndira, ndizvo zvandanga ndichida kutaura, pandati mwedzi uno. Uye ndozoenda kuGlasgow, kuKentucky; kuda zvakare kuSomerset, kuKentucky; husiku humwe chete, zvichida kuCampbellville,

kuKentucky. Uye—uye Hama Rogers vanoda kuti ndiuye husiku humwe, kwavo, kunova kwataka...takapesana navo imwe nguva.

²⁴ Zvino, namatirai Hama Rogers. Tanga tichiyana, nhasi, ndokubata ruoko rwavo ndikaona kuti havasi kunzwa, zvakanaka. Nokudaro namatirai Hama Rogers vari pano ava. Vakashanda zvakananyanya, zvino zvavakonzera kuti vasagadzikane nokusafara, uye va—vane hutano hwakaipa iko zvino, uye kunyanya mudzimai wavo. Zvino namatirai vaviri ava, vana vakanaka vaMwari. Ndakavaudza kuti, kana Ishe atendera, ndichavapa humwe husiku.

²⁵ NeHama Ruddell, imwe ye...yechechi dzedu duku, kumusoro uko ku62, mukomana wechidiki anonyara, aiva pano akatadza nokutitarisa kose. Zvino aiuya kumba. Uye, o-o, ndinofunga kuti vanhu vaifunga kuti munhu anonetsa, asi paiva nechimwe chinhu pamukomana uyu chaiva chechokwadi. Ndakaramba ndinaye, ndichigara naye, ndichiti, “Hama Ruddell, munokwanisa.”

²⁶ Ivo voti, “Hama Branham, ndikamira pamberi pemhomho, ndi—ndinorohwa nehana, zvokuti ha—ha—handizokwanisi kutaura kana shoko.”

²⁷ Ndakati, “Mira ipapo urege kutya, wotaura, muZita raShe, waona.” Zvino ava neTabhernakeri yakaenzana neino, padyo nomugwagwa mukuru, achiita basa. Ramba wakadaro. Mukomana uyu aiva nokudana kwaMwari. Ndaiziva baba namai vake, vanhu vakanaka zvikuru.

²⁸ Uyezve tinofanira kuva kwaJunie, humwe husiku, uko kuNew Albany. Zvakare, o-o, munoziva, misangano midiki, yandinogoti humwe husiku apa humwe apo.

²⁹ Kusvikira, kana zvose zvafamba sokuronga, zvimwe muna Ndira 25, ndichaenda kuMiami, kuWorld International Convention yeFull Gospel Christian Business Men. Uye kubva ikoko, ndichaenda kuKingston, Haiti, zasi kuSouth America, ndopinda muMexico. Kubva ikoko, ndichaenda kuAfrica. Kubva kuAfrica, ndichaenda kumusoro kuScandinavia. Uye nokumwevo, kwakadaro. Chikamu chikuru chegore, ndinotenda kuti, chichapera ndichiita misangano mhiri kwamakungwa. Zvino ndinamatirei, ndinofanira kutora sarudzo yakanaka.

³⁰ Zvino ndokunge chete kuri kuda kwaShe; kana kusiri, ndakagadzirira kuenda kupi zvako, yose nzvimbo. Hazvinei kuti ndokupi, ndinoda kuenda. Asi kana ndichiri kukwanisa kumira ndiri munyama ino mandakaiswa naMwari, ndinoda kuparidza hupfumi Hwake husingaperi kusvikira rufu rwandibvisa mumutumbi uno. Ndicho chinangwa changu, nenyasha dzaMwari, kana bedzi Akandibatsira. Kana Akabvisa ruoko Rwake pandiri, wakaipa anondiuraya, naizvozvo namatai kuti Mwari achengete ruoko Rwake rwetsitsi pandiri.

³¹ Handisi kukumbira kutonga Kwake; ndiri kukumbira tsitsi Dzake. Maona? Zvino, kutonga Kwake, kwete, handikwanisi kumira pakadaro. Tsitsi Dzake dzoga ndidzo dzandinokumbira, nokuti ndinoziva kuti handina kukodzera, uye hapana akakodzera. Zvino tichenjere kuti tisakumbira kutonga Kwake. Tinoda tsitsi Dzake.

³² Zvino, manheru ano, ndakati tsveterei inzwi, asi ndisingakwanisi kuramba mukana, wokutaura kuboka rakanaka iri ramaKristu. Mirai, ndisati ndapa chiziviso ichi, regai nditaure chimwe chinhu. Mose muri muhumwe, nomwoyo mumwe, uye zvose zvichifamba zvakana, regai nditaure nechechi yangu kwamaminetsi maviri, maona.

³³ Tererai, vadikanwa vangu muEvhangeri, nye...nyeredzi dzekorona yangu, kana ndichazova nayo, vakatengwa neRopa raJesus. Ndaita izvi nechikonzero, kudzoka seizvi. Takafunga izvi tiri kuvhima, Hama Roy Roberson, Hama Banks Wood, neni, tichivhima, kuti tichaunza, tichadzoka. Hama—Hama Roy nesu tose taitaura, pamusoro pomufudzi wedu, Hama Neville, murume anomira mberi kwenyu nguva dzose, achifudza nazvose, tinomuda; asi zvakadaro, Hama Neville somubatsiri kumufudzi, zvakaite sokuti womei kuHama Neville kuti vapinde muna izvozvi, maona. Nokudaro takanamata, zvino kwakaite sokwaiva kuda kwaShe kuti ini ndizviite. Zvino, ndakakumbira Ishe kuti kana Vakandibatsira, ndichaita zvandinokwanisa.

³⁴ Mushure mokuzvipira kwangu, nokuita kuti, chechi izviitevo zvino, kana Mwari akatiropafadza nenzira yaAita nayo mumisangano mishoma yapfuura, mushure mokuzvipira kushoma kwakadaro, Angazodini kana tikaramba tichidaro, maona? Rambai muchidaro. Zvino tererai. Muri murudo mumwe nomumwe, ndakuonai makamira pakati pamabhenji, mangwanani ano, muchichema, makasimudza maoko enyu kuna Mwari, no—noMweya unoropafadza uchiuya pamusoro penyu.

³⁵ Zvino musaterera kuzvinhu zvisina maturo zvichataurwa nadhiabhorosi. Maona? Kana wakaipa akakuudza zvimwe, kana chimwe chinhu chakaipa, pamusoro penhengo yoMutumbi waKristu, usazvitenda. Nokuti, paunongozvitenda chete, unokanganisa chapupu chako.

³⁶ Kana ukaona imwe nhengo yoMutumbi waKristu ichiita zvakaipa, usaudza mumwe munhu; asi enda kunhengo iyoyo, norudo, uone kana ukasamuunza kuna Kristu zvakare. Zvino kana usingazvikwanisi, udza munhu mumwe chete, kana kumuita kuti aende newe. Zviite nenzira yazvakataurwa nayo neGwaro. Maona? Asi usa . . .

³⁷ Kana mumwe munhu akati, “Hanzvadzi *Nhingi*, kana Hama *Nhingi*,” usatenda kana shoko rimwe zvaro. Zvirege zvakadaro. Nokuti, rangarira, ndidhiabhorosi ari kuedza kukuparadzai. Zvino tarirai kuti mumuone achiuya, nokuti

achauya. Zvino ita kuti muchengeti wemba, kutenda, kugare ipapo, uye usagamuchire kana chimwe. Vanhu ava vakagara munzvimbo dzokumusoro kuDenga pamwe newe, vachiyanana mumaropafadzo aMwari, vachidya chirairo patafura, uye Mweya Mutsvene wakapupura kuti ava vana vaMwari. Naizvozvo ngativei nokutapira, mwoyo munyoro, tichiregerera, nokuva norudo. Kana mumwe munhu akataura zvakaipa pamusoro pako, iwe taura zvakanaka pamusoro pake. Tarisa kuti zvinozounza kutapira kwakadini kwauri. Maona? Ndizvozvo. Zvino nguva yose dzosera zvakaipa nezvakanaka, rudo kuruvengo. Uyevo...

³⁸ Wava kunzwa zviri nane here, mudikanwi, musikana muduku ari kumashure uko? Zvakanaka. Ndinotenda zvikuru. Hongu, adzokera shure...Anga akasungwa nowakaipa, asi Ishe Jesu vamusunungura zvino ndokumuunza mumusangano. Tinotenda nokuda kwaizvozvo. Ndizvo zvandabvira pano papurupeti, nguva duku yapfuura. Vati vanga “vanamata kakawanda, vasingapindurwi naShe.”

³⁹ Zvino, ivai nechokwadi kuti munoita izvozvo. Tsidza izvi, kuna Mwari, “Mwari, nenyasha Dzenyu, ndizvo zvandichaita.” Hazvina mhosva kana mumwe akataura zvakaipa; dzosera nezvakanaka. Usafunga zvakaipa. Kana ukafunga zvakaipa, zvino unenge uchingotaura mukunyengera, zvino—zvino—zvino unenge uchikanganisa. Ramba uchizvipira kuna Mwari kusvika wava kunzwa zvakanaka kumunhu uyu. Ndiyo nzira yokuzviita. Zvino kutapira kwamaropafadzo aMwari, o-o, kunozozadza mwoyo wako. Ndiyo nzira yokurarama nayo uchikunda, hapana chinokwanisa kukukuvadza kana uri murudo. Zvakanaka, munoti...

⁴⁰ Maona, “Kana muine ndimi, dzichaguma. Uye kana muine zivo, ichapera. Zviprofiti, zvichakundika. Asi kana muine rudo, ruchagara nokusingaperi.” Maona?

⁴¹ Uye usangoda avo vanokuda, asi ida avo vasingakudi. Nokuti, zviri nyore kwandiri kuda munhu wose anondida, asi edza kuda munhu asingakudi. Ndipo paunoona kuti uri muKristu here kana kuti kwete; mumwe munhu asingakudi, asi, iwe mumwoyo mako, unomuda. Zvino, kana usingaiti izvozvo, ramba wakabatira pana Mwari. Zviripo, nokuti ndinoziva kuti iChokwadi. Amen. Ndinoziva kuti iChokwadi.

⁴² Zvino tava kuzozarura Shoko rinokosha, zvino, kuBhuku ravaHebheru, chitsauko 11, kuti tipe Mharidzo duku. Inzwi rangu rakashoshoma zvishoma, asi ndava nenguva yakanaka masikati ano nehama nehanzvadzi. Handina kukwanisa kuuya kusvikira dzava kutoita 6 o'clock, ndikamhanya kumba ndokugwadama parutivi pomubhedha, mumba yokurara, ndikanamata kwenguva pfupi. Ndikasimuka, ndikatora Bhaibheri rangu ndokutanga kuverenga. Ndaona magazini

yanga iripo, ndikaitora, yanga yakanyorwa nechiBhunu, nokudaro handina kukwanisa kuiverenga.

⁴³ Dzimwe nguva, mukuverenga, unosangana nenzwi, inzwi iroro rova benyu kwauri. Ndiwo mawanire anoita, muparidzi mharidzo yake. Anongotanga kuverenga, kuverenga Bhaibheri, kana chimwe chinhu. Chokutanga, munoziva, anosangana nechimwe chinhu, chimwe chobatana neichocho, chimwe chobatanavo nazvo. Zvino, isa mutsetse pazviri, uye woenda hako papurupeti woverenga izvozvo. Mwari anozoita zvose. Maona, Anozoita zvose.

⁴⁴ Zvino, dzimwe nguva unoropafadzwa, zvokuti inoita pfungwa, unonyora pasi pfungwa dzako dzawawana. Dzimwe nguva mumusangano, unofanira kuuya nechimbi-chimbi papuratifomu, zvokuti, unozongoverenga, pfungwa dzako dziya dzawanga wanyora pasi, zvino Mweya Mutsvene unodzimitisa zvakare kwauri. Ndakazviita kazhinji.

⁴⁵ Zvino vaHebheru 11, ngativerengei ndima yokutanga, kutanga, uye tichaverenga ndima shoma.

*Zvino kutenda ndirwo rusimbiso rwezvinhu
zvatintarira, nechiratidzo chezvinhu zvatisingavoni.*

*Nokuti naiko vanhu vakare vakapupurirwa
zvakanaka.*

*Nokutenda tinonzwisisa kuti nyika
dzakanyatsorongedzwa nenzwi raMwari, naizvozvo
zvinhu zvinovonekwa hazvina kuitwa nezvinhu
zvinovonekwa.*

⁴⁶ Hauzi upfumi here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Regai ndiverenge ndima yechitatu zvakare. Nyatsotererai.

*Nokutenda tinonzwisisa kuti nyika
dzakanyatsorongedzwa nenzwi raMwari, naizvozvo
zvinhu zvinovonekwa hazvina kuitwa nezvinhu
zvinovonekwa. (Shoko raMwari!)*

*Nokutenda Abheri wakabayira Mwari chibayiro
chakanaka kune chaKaini, akapupurirwa nacho kuti
wakanga akarurama, Mwari achipupurira zvipo zvake:
naiko kutenda iye. . . kunyange afa hake uchangotaura
nazvino.*

*Nokutenda Enoki watorwa kuti arege kuvona rufu
akasazovonekwa, nokuti Mwari. . . wakanga amutora:
nokuti asati atorwa wakapupurirwa, kuti wakanga
achifadza Mwari. Kwamakore mazana mashanu
ohupenyu, vo!*

*Kana kusina kutenda hazvibviri kumufadza: nokuti
unovuya kuna Mwari unofanira kutenda kuti iye uripo,
vuye kuti unopa vanomutsvaka mubayiro wavo.*

Nokutenda Noa, wakati anyeverwa pamusoro pezvinhu zwichigere kwonekwa, akagadzira areka nokutya Mwari, kuti aponese mhuri yake; akapa... nyika mhosva nazvo, akagara nhaka... yokururama kunovuya—kunovuya nokutenda.

- 47 Zvino ngatinamatei kwekanguva, tikotamisei misoro yedu.
- 48 Ishe, Mwari naBaba vedu Vanokosha, tinouya muHupo Hwenyu zvakare, nokutenda. Uye hatisi kungonzwa kuti tiri muHupo Hwenyu nokuti takotamisa misoro yedu kuti tinamate, asi tinotenda kuti nguva dzose tiri muHupo Hwenyu, nokuti, “Maziso aShe anoona kwose kwose panyika.” Uye munoziva zvinhu zvose, zvakare Munoziva mifungo yomwoyo.
- 49 Nokudaro, Ishe, chikonzero tichikotamisa misoro yedu, kuti tikumbire kuti, Muregerere kudarika nokukanganisa kwehu kwaMuri, nokuti tsitsi Dzenyu dzitambanudzwe kwatiri, nenzira inoita kuti Muzarure miromo yedu kuti itaure nenzeve dzedu dzinzwe, uye kuti Shoko Renyu riite benyu kwatiri, husiku huno; kuti ndima shoma dzatasarudza kuverenga dzibatsire zvikuru kunhengo yose yomutumbi Wenyu usingawonekwi uri panyika, Chechi yeNyu yomweya, Chechi yaMatangwe, Chechi iyi yakatengwa neRopa raJesu, yakagezwa ikacheneswa, uye ichapiwa kuna Mwari neZuva iro, isina gwapa kana kuunyana. Tinokutendai Imi, nokuti tino kutenda kokuti tiri vagovani vokonaka kwaMwari, nokuda kwokururama netsitsi dzaIShe Jesu!
- 50 Tinonamata zvino kuti Mupodze varwere. TichiKutendai nokupodza kwaMaita musikana muduku nguva shoma yapfuura, anga akarara akazvipeta mumba umo, nokurwadziwa; kumuona achifamba panze, nokutenda uku sekomwana muduku, kukugaMuchirai netsitsi Dzenyu. Tinotenda Imi neizvi; tichinamata kuti mucharangerira mudikanwi weHanzvadzi Baker ari kuKentucky, navamwe vataurwa neHama Neville, uye, O Mwari, vanhu vakawanda vari kurwara kose kose. Uye zvikurusa, Ishe, avo vasati vaponeswa vasingazivi Imi; kana vakafira muzvivi zvavo, havangauyi kwaMuri.
- 51 Tinonamata kuti Mutipe simba rokupupura, kushinga kutaura Shoko, nohuchenjeri hwokuziva pokuRitaura. Uye taurai nesu kana tataura zvakakwana, kuti tiende tichisiya vanhu vachishamiswa, nokukatyamara, pamusoro poMweya Mutsvene mukuru nebasa Rake. Zviitei, Ishe. Tinzwei ikozvino, tinonamata, muZita raJesu tinozvikumbara. Amen.
- 52 Zvino ndinoda kutaura kwamuri kwenguva pfupi pamusoro penyaya yamaitire omuviri. Tinodzidziswa kuti munhu wenyama une zvinhu zvishanu zvokuziva nazvo, uye zvinhu zvokuziva nazvo izvi zvinesimba pa—pa... Kana kuti, Akapiwa, Mwari akamupa zvinhu zvishanu izvi, kuti akwanise kuziva zvakamupoterredza panyika, mazivire aya

anoti: kuona, kuravira, kubata, kunhuwidza, kunzwa. Mazivire mashanu aya aripo pamunhu wose wose, uye akanaka, zvokuti hatikwanisi kurarama hupenyu hwakanaka kana chimwe chamazivire aya chakatadza kushanda. Kuona kwako, kunzwa, kubata, kunhuwidza, kana kuravira, hatikwanisi kuva vanhu vakakwana kana tisina izvi. Pane chimwe chinenge chiripo, chimwe chikamu chohupenyu chatisingakwanisi kuziva, kana chimwe chazvo chisingashandi. Zvino zvakanaka uye zvinobatsira, zvakapiwa kwatiri naMwari.

⁵³ Mwari akapa mazivire aya, asi anopiwa kwauri sechipo. Uye zvinobva kuti, chii chawatendera kuva nesimba pazvinhu izvozvi, ichocho ndicho zvichazova nesimba muhupenyu hwako, mashandisiro aunoita mazivire mashanu aya. Uri . . . Zvaunoono, zvaunonzwa, zvaunoravira, zvaunonhuwidza, kana kubata, chipi zvacho chaunenge wapira kuti chive nesimba pazviri izvozvi, ndicho chichakutonga.

⁵⁴ Uye tinotenda Mwari kuti tina mazivire mashanu aya, asi mazivire mashanu aya haana kupiwa kwauri kuti akutungamirire. Akapiwa kwauri kuti uzive zvakakupotedza panyika. Asi wakapiwa imwe pfungwa yechitanhatu, uye, pfungwa yechitanhatu iyi, anowanikwa bedzi mumuKristu. Haukwanisi kuva nepfungwa yechitanhatu iyi kusvikira wava muKristu; ndiyo nzira yoga yokuti uve nezvinopfuura mazivire mashanu omutumbi womunhu. Pfungwa yechitanhatu inonyanya kuzivikanwa, nomuKristu, sokutenda. Ndiko kunotonga nokukutungamirira, uye kuri pamusoro pemamwe mazivire. Kuri pamusoro pamazivire ose, mamwe mazivire mashanu.

⁵⁵ Zvino, handingati nokuda kokuti tagamuchira pfungwa yechitanhatu nokudaro mazivire mashanu haachisina basa. Hongu, ane basa. Mazivire mashanu aya akapiwa kwauri naMwari, uye anofanira kushandiswa. Asi kana mazivire mashanu aya akapesana neShoko raMwari, anenge achinyepa.

⁵⁶ Zvino, pfungwa yechitanhatu haikwanisi kunyepa. Ipfungwa yakakwana. Uye ndiyo yandiri kuda kutaura pamusoro payo. Mangwanani ano ndataura pamusoro: *peChiratidzo Chakakwana*. Uye husiku huno: *pePfungwa Yakakwana*.

⁵⁷ Zvino pfungwa yechitanhatu Mweya Mutsvene, kutenda kwaMwari kunogara mauri. Uye ukarega mazivire mashanu achizviiswa pasi pefungwa yechitanhatu, zvinokutungamirira nokuisa mazivire awa mashanu pasi pesimba repfungwa yakakwana. Nokuti akakwirira chaizvo kudarika mazivire mashanu omuviri, sezvakaite munhu womweya anodarika munhu wenyama; zviri pamusoro kwazvo samatenga, kumunhu wenyama namazivire ake mashanu. Zvinokuita kuti utende zvinhu zvausingakwanisi kuona. Zvinokuita kuti uite

zvisingakwanisi kufungwa namazivire mashanu. Dhiabhorosi anokwanisa kupinda mumazivire mashanu aya onyepa kwauri, asi haakwanisi kubata pfungwa yakakwana iyi. Iri kure kwazvo naye. Yakabva kuna Mwari. Inonzi kutenda. Kutenda ndicho chinhu chikuru ichi.

⁵⁸ Uye mazivire mashanu haatungamiriri pfungwa yechitanhatu, asi pfungwa yechitanhatu inotungamirira mazivire mashanu. Pfungwa yakakwana inotungamira mazivire enyama. Uye ma—mazivire mashanu ndiwo anoti kuona, kuravira, kubata, kunhuwidza, kunzwa. Zvino pfungwa yakakwana inokuita kuti utende Shoko raMwari, nokuti ndicho chinhu choga chainotaura pamusoro pachu. Zvakare Inokuita kuti utende zvinhu zvausingakwanisi kuona, kuravira, kubata, kunhuwidza, kana kunzwa, nokuti inotora Shoko raMwari. Zvakare inounza Shoko iri kwauri, yoita kuti ufambe uchipesana nezvinhu zvisiri Shoko raMwari. Nokutenda, kutenda ndiko kunozviita.

⁵⁹ Zvino, mukupa mufananidzo uyu, wamazivire omuviri, munhu wenyama anoberekwa aine mazivire awa, nokudaro ndezvokuberekwa nazvo. Zvakare ndicho chinhu choga chaanokwanisa kuziva, mumafungiro ake. Anongokwanisa kufunga somunhu, anoona somunhu, anokwanisa kunzwisisa somunhu, anonzwa somunhu; asi kana ava kutungamirirwa, kana kuvandudzwa, kana kuti tingazviti “kuberekwa patsva,” ipapo pfungwa yechitanhatu, pfungwa yapamusoro inozomubata. Uye, mukuita izvi, pfungwa yakakwana iyi inomusimudza kumuisa pachinhanho chaanozova nokutenda zvinhu zvausingakwanisi kunzwa, zvinhu zvausingakwanisi kuona, kunzwisisa zvausingakwanisi kunzwisisa. Anozvitenda zvakadaro, nokuti ava kutongwa nepfungwa yechitanhatu, pfungwa iri pamusoro. O-o, zvinoshamisa sei kuzviziva izvi, uye kufunga kuti zviru nyore sei kuzvitenda!

⁶⁰ Zvino, haukwanisi kuzvitenda kusvikira wavandudzwa. Bhaibheri rakadaro, “Hakuna munhu anokwanisa kuti Jesu ndiKristu, kusiya noMweya Mutsvene.” Takapinda mazviri svondo rapfuura. Uye chakava chigumbuso, kunyanya kuvanhu vePentekosti, pavanonzwa ndichiti. Jesu akati, muna Johane 5:24, “Uyo anonzwa Shoko Rangu nokutenda kuna Iye wakandituma, ano Hupenyu Husingaperi.” Hupenyu Husingaperi hunobva kuna Mwari, woga. “Zvakare hakuna munhu anokwanisa kuti Jesu ndiKristu, kusiya noMweya Mutsvene.”

⁶¹ Uri kungatora zvakataurwa nomumwe munhu, zvawakadzidza nepfungwa dzako, zvawakadzidza namazivire ako mashanu. Asi kana pfungwa yechitanhatu yauya, Mweya Mutsvene, unobvisa kufunganya kwose kwamazivire matanhatu. . . mazivire mashanu, wokusimudzira mupfungwa yechitanhatu, uchiita kuti utende zvinhu zvausingakwanisi

kuona, kuravira, kubata, kunhuwidza, kana kunzwa. Unoita chimwe chinhu kwauri. Zvino unokwanisa kuti Jesu ndiKristu, nokuti wakazvipupura; kwete zvawakadzidziswa nokudzidzisa kwepfungwa dzenyama, asi zvakaitika kwauri.

⁶² “Pfungwa yechitanhatu inoitei zvino, Hama Branham? Pfungwa yechitanhatu yakavuyirei?”

⁶³ Pfungwa yechitanhatu yakauya nokuda kwechikonzero ichi. Zvino, pfungwa yechitanhatu kutenda, mazivire ari pamusoro pezvose. Zvino kana . . . Pfungwa yechitanhatu yakauya nokuda kwechikonzero ichi bedzi, chinova, chokuita kuti mazivire mashanu ari mauri arambe zvinhu zvose zvisingawirirani neShoko raMwari. Ndiro basa repfungwa yechitanhatu. Gwaro rinotaura pamusoro “pokurasa kufunganya.”

⁶⁴ I—i, maona, mazivire mashanu, unokwanisa kufunga, “Zvino, zvakanaka, sei munhu uyu, uye sei zva . . .?”

⁶⁵ Asi pfungwa yechitanhatu haioni zvose izvi. Iri kure nazvo! Yakakwirira kwazvo, zvokuti haina kufunganya mairi. “Tinozvitenda!” Yakakwirira kwazvo kudarika zvingataurwa namazivire mashanu. Zvino tagadzirira kupodzwa kwavarwere, maona. Tinozvitenda! Unofamba nepfungwa yechitanhatu, unotaura nepfungwa yechitanhatu, unorarama nepfungwa yechitanhatu, unofa nepfungwa yechitanhatu, zvakare unomuka nepfungwa yechitanhatu. Ipfungwa yakakwana, chimwe chinhu chiri mauri, chakasiyana nomunhu wenyama.

⁶⁶ Munhu wenyama anongova neizvi, uye zvakanaka kana zvikakwanisa kudzikamiswa pasi pepfungwa yechitanhatu. Kana pfungwa yenyama ikati, verenga Shoko raMwari uye yoti, “Iri iShoko raMwari,” iri kutaura Chokwadi. Asi kana ikaverenga, uye yoti, “Harisiro Shoko rose raMwari. Kana, kana kuti, Raiva imwe nguve. Asi kwete ikozvino, Raimbova imwe nguva, asi haRisirizvo ikozvino.” Zvino pfungwa yechitanhatu inouya, uye yoti, “Haashanduki zuro, nanhasi, nokusingaperi.” Maona, ndiwo mutsauko.

⁶⁷ Ndicho chikonzero vanhu vazhinji vachitadza kupodzwa. Vanoedza kuuya namaonero epfungwa dzenyama. Vanoti, “O-o, ini—ndinoita *izvi*, kana kuti ndinotenda *izvi*, nezvimwe.”

⁶⁸ Asi kana pfungwa yechitanhatu iyi ichitaura izvi, zvino hapana chinozovabvisa papfungwa yechitanhatu iyi. Pfungwa yechitanhatu yakauya kumunhu kumuita kuti arambe zvose zvinopesana neShoko raMwari. Maonero ose, maonero ose anopesana nevimbiso yaMwari, pfungwa yechitanhatu inoti hazvipo, kumuKristu akaberekwa patsva.

⁶⁹ Zvino chinhu chokutanga unoziva, muhedheni, munhu asingatendi, anosvika kumuKristu oti, “Zvino tarisa pano, hakuna chinhu chinonzi Mweya Mutsvene. Wakangokanganisika, mazviri. Unopenga, kana uchitenda zvinhu Zvakadaro. Hapana chinhu chakaita seIchi.”

Pfungwa yechitanhatu pakarepo inobva yatanga kushanda.

⁷⁰ “Rega ndikuratidze, muBhaibheri, pausingakwanisi kugamuchira Mweya Mutsvene. Uye, unoona, ndinokwanisa kukuratidza paWakawanikwa navadzidzi, asi—asi . . .”

⁷¹ “Hongu, zvakanaka,” unoti, “tarisa,” pfungwa yechitanhatu inokunongedza yokuudza, “asi Akati, ‘Vimbiso iri kwamuri nokuvana venyu.’”

⁷² “Zvino, zvaireva vana vavo. Izvozvo, kwete iwe. Hazvisi zvako.”

⁷³ Asi pfungwa yechitanhatu inoziva zviri nani. Sei? Iri mauri. Vakanonoka kuzvitaure. WakatoUgamuchira.

⁷⁴ Vanhu vanodzidzisa kuti, “Hapana chinhu chakaita soMweya Mutsvene,” havazivi zvavari kutaura pamusoro pazvo.

⁷⁵ Somukomana uya, imwe nguva, paaipara apurosi, zvino akavhunzwa nomunhu asingatendi, achipikisa musangano. Akati, “Unodei, chii chaunoda kuno?”

⁷⁶ Akati, “Ndinoda kukuvhunza muvhunzo.” Paakanga achidya apuro raimunakira, munhu akareruka, airatidzika, somunhu ane musikanzwa, nevhudzi rakaremba kumeso kwake, uye asina rimwe zino rapamberi; nebhachi, rehovorosi rakasviba. Akati, “Muvhunzo mumwe woga wandinoda kukuvhunza.”

⁷⁷ Munhu asingatendi akanga abva mukutaura kuti, “Hakuna chinhu chinonzi Mwari. Zvose ndezvamanyawi. Hazvina maturo, ndizvo zvazviri.”

⁷⁸ Zvino mukomana akati, “Ndinoda kukuvhunzai muvhunzo, vakuru. Apuro iri rinonaka here kana kuti kwete?”

Akati, “Zvino, ndingaziva sei? Handisi kuridya.”

Akati, “Ndizvo chaizvo zvandanga ndichifunga,” ndokufamba achienda.

⁷⁹ Unoziva sei, iwe usina kumboravira Ishe? Unoziva sei, iwe usina kumbogamuchira Mweya Mutsvene, kuti ndoWechokwadi here kana kuti Hausi? Unoziva sei kuti kutenda nesimba? Unoziva sei kuti hapana “mufaro usingatauriki nokubwinya kuzere,” iwe usina kumbozviravira kuti uzvinzwe? Pfungwa yechitanhatu inokutungamira kwaZviri. Pfungwa yechitanhatu inozivisa iZvozvi kwauri.

⁸⁰ Hakuna simba rezvepfungwa zvachose, ringaunza Izvi kwauri. Simba rezvepfungwa rinofunga uye roti, “Sei, ndezvokuverenga pfungwa. Chimwe chinhu chenzira *iyi*, uye manyawi ana vanhu.”

⁸¹ Asi kana pfungwa yechitanhatu yauya, inoramba zvinhu izvi zvose, yofambisa munhu mukururama pachipfuva chaMwari. “Uyo anouya kuna Mwari anofanira kutenda kuti Ariko, zvakare mupi womubayiro kune avo vanoMutsvaga.” Nokutenda!

Nokutenda, Abrahama! Nokutenda, Isaka! Nokutenda, Jakobho! Vose nokutenda! Ipfungwa yechitanhatu inozviita. Pfungwa yechitanhatu inoramba zvinooonekwa zvose, zvose zvinooonekwa, zvose zvinopesana neShoko raMwari, manzwiwo ose, manyawi.

⁸² Mumwe munhu anoti, “O-o, zvino, ndakanamatirwa; asi handisi kunzwa zvakanaka.”

⁸³ Pfungwa yechitanhatu haingamiriri izvozvo. Pfungwa yechitanhatu inozoti, “Manyepo! Ndiri kunzwa zviri nani. Ndiri kupora. Mwari akadarwo, ndizvo zvinovipedza. Amen! Mwari akazvitaura.” Pfungwa yechitanhatu inongodya paShoko raMwari chete.

⁸⁴ Pfungwa yapamusoro, yakakwirira, kudarika mamwe mazivire. Ipfungwa inoshamisa. Kutenda. Isimba rinomutsa nokuendesa mberi. Amen. Chimwe chinhu chinokuitisa zvimwe zvinhu zvaunenge usina kufunga kuti ungaita. Ipfungwa yechitanhatu, pfunzwa yakakwirira.

⁸⁵ Unonamatirwa. Toti une—une ruoko rwakaremara zvino wonamatirwa, ruoko rwako, wouya ipapo uchitenda kuti Mwari anokupodza. Mufudzi wokunamatira, wodzokera. Munhu wenyama anoti, “Hapana kupodzwa kuri kuitika kuruoko. Hapana mutsauko kubva pane zvawanga uri.” Asi pfunzwa yechitanhatu inouya, uye yoti, “Manyepo! Wanamatirwa, ndizvo zvakanakwana.” Amen.

⁸⁶ Somumwe mudzimai akauya kumusangano imwe nguva, uye akanga auya kumusangano, vari vaviri. Vakafamba papuratifomu. Vakanga vaona zvakananzika zvichitaurwa. Madzimai aya akanga—akanga abatwa kwazvo. Vose vakanga vari maKristu. Mumwe akauya, uye Mweya ukamuudza ukati, “Uri kurwadziwa nomudumbu.”

Uye kumeso kwake kwakapenya. Akati, “Ichokwadi.”

⁸⁷ Zvino Mweya Mutsvene wakataura kubudikidza neni, ukati, “Zvakare maronda omudumbu. Anokonzera nokusagadzikana. Makatariswa nomumwe chiremba, akati hamungakwanisi... kana munofanira ku—kundovhiyiwa, kuti vaadimure vaabvise.”

Akati, “Shoko rose rataurwa nderechokwadi!”

⁸⁸ Zvino ndichiona kuti akanga achitenda zvikuru, ipapo Akanzi, “Zita rako ndi*Nhingi*, unobva kunzvimbo *Iyi*, zvakare panzvimbo inonzi zvakati nezvakati.”

Akati, “Ichi ichokwadi!”

⁸⁹ Chaiva chii? Pfungwa yechitanhatu ichizvibata. Pfungwa yechitanhatu noMweya Mutsvene zvakanamira pamwe chete. Mweya Mutsvene wakanga uchitaura, pfunzwa yechitanhatu yakanga ichiti “ameni.” Ndizvo zvazviri. Pane chinofanira kuitika.

⁹⁰ Marita paakamhanya kundotsvaga Jesu, uye paakati, “Ishe!” Tarisai pfungwa yechitanhatu iyi. “Dai Manga muri pano, hanzvadzi yangu ingadai isina kufa; asi kunyange zvino, chose chaMunokumbira Mwari, Mwari anoKupai.” Ndiyo pfungwa yechitanhatu.

⁹¹ Jesu Akamira, akati, “Ndini Kumuka, noHupenyu; uyo anotenda maNdiri, kunyange akafa, asi achararama; ani nani anorarama achitenda maNdiri haazofi. Unotenda here izvi?”

⁹² Uchaita sei, iwe kufunga? Pano murume arere apo, akafa, ane honye.

⁹³ Asi Akanga achangobva kuti Ndiye Kumuka noHupenyu. Ndiro Shoko raMwari. Pfungwa yechitanhatu, inodarika zvinofungwa navanachiremba, inodarika pfungwa dzesainzi. Inoramba zvoze, inoramba kufunga kwose, zvakare inozvikoromora pasi. Sei? Iri kupupurira Shoko raMwari, “NDIRI. Kwete ‘Ndichazova, Ndaiva.’ NDIRI IKOZVINO! Ndini Kumuka noHupenyu,” ndiri Munhu. “Uyo anotenda maNdiri, kunyange akafa, asi achararama; uye ani nani anorarama achitenda maNdiri haazofi. Unotenda here izvi?”

⁹⁴ Akati, “Hongu, Ishe,” pfungwa yechitanhatu, “Ndinotenda kuti Muri Mwanakomana waMwari, aizouya panyika.”

“Hanzvadzi yangu ichamuka zvakare.” O-o, imiwe!

⁹⁵ Vakaenda kuguva! Ivo vaviri, pamwe chete, chimwe chinhu chaifanira kuitika. Yakanga iri pfungwa yakakwana, naMwari akamira ipapo, pane chaifanira kuitika. Pfungwa yapamusoro iyi, aiva Mwari. Pane Chimwe chaiudza Marita izvi. Akanga aMuona. AiMuziva. AkaMuziva kuti ndiye Mesiasi. Zvakare akaziva, kuti kana akasvika kwaAri, kana akasvika padyo naYe uye wopira nyaya yake, kuti anzwe vimbiso imwe chete ichibva kwaAri, ndizvo chete zvaaida. PaAkati, “Ndini Kumuka noHupenyu; uyo anotenda maNdiri, kunyange afa,” ndizvo chete Marita zvaida kunzwa, ndizvo chete zvaaida. Nokuti, pfungwa yechitanhatu, pfungwa yakakwirira, kutenda kwake, kwaimufambisa kuti aMupupure, aMutende.

⁹⁶ Mudzimai uyu, paakabva papuratifomu, yaiva ZVANZI NAJEHOVHA, “Enda kumba undodya. Jesu Kristu akupodza.” Akaenda kumba.

⁹⁷ Husiku ihwohwo, shamwari yake yaigara munharaunda, akanga ari wetatu kana wechina kubva paari, aiva nezibundu pamutsipa. Zvino ndokubva auya, achifara kwazvo nokuda ko—komuvakidzani wake, akanga achizopodzwa maronda omudumbu akanga amutambudza zvakanyanya. Iyi ndeimwe yamazana ezvapupu, zvuru zvamazana. Zvino bundu iri raiva pamutsipa wake, paakauya. Ndakati, “Zviri pachena izvi. Asi uri kufara pamusoro pechimwe chinhu, wafadzwa kwazvo, nokuti mudzimai uyo agere apo muvakidzani wako.”

⁹⁸ Mweya Mutsvene! Akafunga, “Munhu uyu angaziva sei zvinhu izvi? Panofanira kunge pane Chimwe chinhu chazvizarura kwaari.”

⁹⁹ Nokudaro pakataurwa izvi, Akanzi, “Uri kufunga pamusoro pomutsipa wako.”

“Hongu.”

“Unotenda here kuti zvichakusiya?”

“Ndinozvitenda,” akadararo, “nomwoyo wangu wose.”

¹⁰⁰ Ndikati, “ZVANZI NAJEHOVHA, enda kumba undogamuchira kupodzwa kwako.”

¹⁰¹ Munhu wenyama akatarisa akasaona chinhu. Mudzimai aiva namaronda mudumbu akaenda kumba akaedza kudya, zvino, imiwe, akada kufa. O-o, munhu wenyama, namazivire enyama, aiti maronda achiripo.

¹⁰² Zvino kwaperera vhiki imwe kana mbiri, akaenda nomuraini, kuvanhu vake vose, nokucheche, achipupura kuti, “Ishe vandipodza.”

Zvino vakati, “Wava kudya here zvino?”

¹⁰³ “Kwete, kwete zvose zvandinoda. Asi,” akati, “Ndakapodzwa kare, nokuti namavanga Ake ndakapodzwa.” Hazvina mhosva chaiva chii, akanga apodzwa.

¹⁰⁴ Zvino mamwe mangwanani, vana vaenda kuchikoro, akanzwa nzara zvikuru. Akanga akamira, achigeza madhishi, padyo nehwindo. Akauya kumusangano, mumwe musangano kwaperera gore. Zvino paakanga achigeza madhishi, achidaro, chinhu chokutanga, akava namamwe manzwiwo aasina kunzwisisa maari. Zvino akafunga kuti, “Changa chiri chii? Ndanzwa sendanga ndichida kudandizira.”

¹⁰⁵ Zvino murume wake akanga amuudza, kuti, “Mudiwa, rega kutaure pamusoro pokupodzwa,” akati, “nokuti,” kunyange akanga ari muKristu, akati, “uri kuunza kumhurwa paZviri.”

¹⁰⁶ Ungaunza kumhurwa sei kana uchipupura Shoko Rake? Unounza kumhurwa kana ukasaMupupura.

Akati, “Kana wakapodzwa, wakapodzwa.”

¹⁰⁷ Akati, “Murume uyu akanditarisa mumaziso, akandiudza zvandaiva nezvinhu zvakandakanga ndaita, uye kuti ndaiva ani, nokwandaibva.” Akati, “Ndakanga ndagara mumba umu kwamaminetsi 15, paakakwira papuratifomu. Ko munhu uyu akaziva sei izvi? Handina kumbomuona muhupenyu hwangu, uye akandiudza kuti, “ZVANZI NAJEHOVHA, ndapodzwa.” Zvino akati, “Ndichazvitenda dakara ndafa.” Akati, “Ndichazvitenda zvakadararo.” Nokudaro iye neimwe hanzvadzi yaiva padyo naye, shamwari yake, vakanga vatsidza kuna Mwari, kuti vaizoramba vakabata kutenda.

¹⁰⁸ Mangwanani awa, akava namanzwiwo akasiyana, uye mumashure memaminetsi mashoma akanzwa nzara. Zvino vana vakanga vasiya kudya kwamangwanani mundiwo, mudhishi diki; zvino kudya kworudzi urwu kwaiwanzovarwadza. Kana paine munhu akamboita maronda mudumbu, anoziva zvazvinoita. Zvino akatora kudya uku. Zvino, “O-o, imiwe,” akati, “Ndava kurangwa, ndinofunga, asi rimwe ramazuva ano ndichange ndapora.” Asi akaona kuti akanga achine nzara, nokudaro akapedzisa zvaiva mudhishi rose. Akamira kwamaminetsi mashoma, kuti aone chaizoitika. Hapana chakaitika; akanzwa zvakanaka, akaramba achinzwa nzara. Akakanga mazai, akanwa kofi, akatora chingwa chakatositwa, akava nomufaro mukuru. Akadya zvose zvaaida kudya. Akaendera mberi achigeza madhishi, zvino kwapera hafu yeawa, akanzwa nzara zvakare. Haana kunzwa kurwadziwa.

¹⁰⁹ Akapfeka hetu, akapinda munzira kuenda, kumba komuvakidzani wake. Zvino paakasvika ikoko, akanzwa, sokunge pakanga paita rufu mumhuri. Vakanga vachiridza mhene, nokudanidzira, vachifamba-famba. Mudzimai yu akanga anonoka kumuka mangwanani awa, zvino paakamuka, achitsvaga bundu raiva pamutsipa wake, rakanga ranyangarika husiku. Chaiva chii? Mwari archishanda.

¹¹⁰ Kumusoro uku kuCadle Tabhernerkeri, patakaita musangano uya, mukomana akanga akaremara akauya imomo kuzonamatirwa. Vazhinji venyu vakanga varipo vakamuona. Vakamuunza mumba yavanorwara zvikuru. Billy akandiendesa kwaakanga ari. Vakanga vamuunza papuratifomu husiku hutatu kana huna, imomo...mumba. Haana kuwana kadhi rokunamatirwa, nokudaro vakamuisa mumba yavanorwara zvakananyisa. Ndakaenda imomo ndikandomunamatira, ndokumutarisa. Akati, “VaBranham, mungandiudzawo here zvingandinyaradza?”

Ndakati, “Hongu, changamire, mwanangu. Porio ndiyo yakakuremadza.”

Akati, “Ndizvo.”

¹¹¹ Ndakati, “Zita rako *ndinhingi*. Unobva kwakati.”

“Ndizvo,” akadaro. Akati, “Ko zvokupodzwa kwangu?”

Ndakati, “Namavanga Ake wakapodzwa.”

¹¹² Akaenda kumba, achipupura, achirumbidza Mwari. Zvino akaunza kumhurwa, vanodaro, muraini, kusvika imwe Svondo vaparidzi vakauya kuzogara naye pasi vakati, “Unofanira kurega kuita izvi. Uri kuunza kumhurwa paZviri.”

¹¹³ Zvino murume yu wechidiki akagara ipapo, akati, “Mukuru, dai wanga uri iwe uri pachinzvimbo changu, dai wanga uri iwe ugere pacheya pandiri, ungadai usingaedzi kunditorera tariro yoga yandasarirwa nayo, muna Kristu.”

Akati, “Namavanga Ake ndakapodzwa.” Zvino achangodaro . . . Akagara ipapo, akaoma mutezo, tsoka, maoko, mutumbi, nomusana. Zvino paakataura izvi, akabva asimuka mucheya akaenda, achirumbidza Mwari.

¹¹⁴ Chii? Pfungwa dzake dzenyama dzakati achagara ipapo; chiremba akati acharamba aripo narini, kana achiri kurarama. Asi pfungwa yechitanhatu yakati, “Namavanga Ake ndakapodzwa.” Uye haana kuva nechokuita . . . Inorasa zvose zvinopesana nezvakataurwa naMwari. Ndizvo zvakapuwirwa pfungwa yechitanhatu.

¹¹⁵ John Rhyn, kwete R-y-a-n, R-h-y-n. Akanga ari bofu kuFort Wayne, kwatakaenda zuva iroro akanamatirwa mumusangano. Uhwu hwaiva husiku hwakateverwa nohusiku hwakarimbwa “*Murapi Mukuru ari pano*,” papiyano pasina munhu aiiiridza. Zvino paakanga ari bofu, aiva muKatorike, pakutenda. Uye iye—iye akamira mumutsara, ndakatarisa kwaari, ndikati kwaari, “Zita rako ndin^hingi, John Rhyn.”

“Hongu.”

“Unopemha uri pakona. Uri bofu kwamakore.”

“Hongu, ndizvo.”

“Uri muKatorike, pakutenda.”

“Ndizvo.”

¹¹⁶ Ndakati, “ZVANZI NAJEHOVHA, wagamuchira kupodzwa kwako.”

Akati, “Ndinokutendai, changamire.”

Ndikati, “Tenda Ishe.”

Akati, “Asi handisi kuona.”

Ndikati, “Hazvina chokuita nazvo. Wapodzwa.”

¹¹⁷ Zvino akati, akadzika pasi, vakamubatsira kubva papuratifomu. Munhu wenyama hapana chaaiona. Hapana chavaikwanisa kuona pazviri. “Ko,” vakati, “achiri bofu sezvaanga akangoita.”

¹¹⁸ Zvino dzimwe shamwari dzake mbiri vakamudzosa zvakare vakamuisa mumutsara wokunamatirwa, vakamudzosa zvakare. Howard akamurega achiuya. Paakadzoka zvakare, akati, “Mukuru, mandiudza kuti ndapodzwa.”

Ndikati, “Wakandiudza kuti unonditenda.”

¹¹⁹ Akati, “Ndinokutendai. Handina chikonzero chokuti ndisakutendai.” Akati, “Makandiudza zvinhu zvomuhupenyu hwangu,” zvino akati, “handizivi zvokuita.” Akati, “Pane mudzimai anga achipupura kuti aiva nebundu maminetsi mashoma apfuura, zvino rakapera.”

¹²⁰ Ndikati, “Zvino kana uchinditenda, sei uri kundivhunza? Ndiri kukuudza Shoko raMwari.”

121 Akati, “Chii chandinofanira kuita, changamire?” Ndichiziva kuti akanga ari muKatorike zvakare ndichiziva kuti anoda chinhu chokubatira pachiri chokuita, ndakati, “Ingoramba uchipupura, ‘Namavanga Ake ndakapodzwa,’ Murumbidze.”

122 Harahwa iyi, kwamasvondo maviri aitevera, kana matatu, akamira pakona achitengesa mapepa, achidanidzira kuti, “Pepa! Pepa! Ishe ngaarumbidzwe, ndapodzwa! Pepa! Pepa! Ishe ngaarumbidzwe, ndapodzwa!”

123 Paakadzoka kumusangano husiku hwaitevera, ndakanga ndichatadza kuparidza, nokuda kwake. Aisimuka odanidzira, “Munhu wose ngaanyarare! Ishe ngaarumbidzwe nokundipodza! Ishe ngaarumbidzwe nokundipodza!” SomuKatorike, akanga asingazivi kuti kutenda kunogamuchirwa sei, asi akaziva kuti akaramba achizviture, achingodaro, achingodaro, achingodaro, kusvikira pfungwa yechitanhatu yatanga kushanda. Ndizvo. “Ishe ngaarumbidzwe nokundipodza!”

124 Akanga akamira pakona, achidanidzira, “Ishe ngaarumbidzwe nokundipodza! Pepa! Ishe ngaarumbidzwe nokundipodza!”

125 Paifamba mumugwagwa, mumwe aisangana naye, womuti, “Wakadini, John?”

126 “Ishe ngaarumbidzwe nokundipodza! Zvakanaka.” Zvino vakamuseka, vakamusvotesa.

127 Zvino mumwe mukomana anotengesa mapepa akamutungamirira kwabhabha, kundogerwa, kwapera masvondo maviri kana matatu abva kumusangano. Zvino mugeri wevhudzi akamugarisa pacheya, akamuzora mushonga wendebyu kumeso. Ndokubva ati, “John,” akati, “ndakanzwa kuti . . .” Mumwe mukomana akasvunuka, akati, “ndakanzwa kuti wakanga waenda kundoona Mupodzi wavarwere” [Hapana chinhu patepi—Mupepeti.] “uko.”

Akati, “Hongu, ndakaenda.”

128 Akati, “ndakanzwa kuti wakapodzwa,” achingoda kumusvotesa.

129 Zvino harahwa yakati, “Hongu, Ishe ngaarumbidzwe, Akandipodza,” zvino maziso ake akabva azaruka. Akasimuka pacheya, ane tauro pamutsipa wake; mugeri achiedza kumubata, ane reza muruoko rwake. Zvino vakadzika nomugwagwa! Chii? Shoko raMwari rakanga ratanga kushanda.

130 Georgie Carter akanga akarara apo, wamunoziva mose, vamwe venyu vari muno vari pedyo, akarara kwamakore mapfumbwamwe nemwedzi misere, asingakwanisi kana . . . akanga akaisirwa shiti rokuitira toireti, nokuti akanga asingakwanisi kuzvibatsira. Airema mapaanzi makumi matatu namashanu. Akarara kuMilltown, Indiana. Zvino hama dzake

dzakanga dziri muchechi yai...Pandakaendako kundoita musangano kuMilltown Bhaptist chechi, ndichinamatira vanorwara, chechi iyi yakati, “Kana imwe nhengo yeungano ino ikaenda kundonzwa mupengo uyu, tinomubudisa muchechi.” Zvino baba vake vakanga vari mudhikoni.

¹³¹ Asi akanga awana bhuku rangu duku, rinonzi, *Jesu Haashanduki Zuro, Nanhasi, noKusingaperi*. Hama Hall vakanditora kuenda kwaaiva, mamwe masikati. Amai vake vakabuda mumba, vakanga vasingadi kuva nechokuita nazvo. Ndakapinda ndikamunamatira. Akabvunza kuti, “Zvakanaka, komusikana wokwaNale akabva angopora wani?” Aiziva pamusoro pechiratidzo.

¹³² Ndakati, “Chaiva chiratidzo, hanzvadzi. Ndinokwanisa kungonamata chete. Iwe iva nokutenda.” Musikana uyu akanga adzidziswa zvaipesana nazvo.

¹³³ Mushure mamazuva mashoma, ndakanga ndakamira ndichibhabhatidza. Akanga ariko, achichema; akanga avimbisa kuti aizouya kuzobhabhatidzwa zvakare, muZita raJesu Kristu, kana Mwari akange amupodza.

¹³⁴ Ipapo, iye, makumbo ake akanga akaonda somubato webhurumu. Vakanga vasisakwanisi kumuisa toireti yepani yapamubhedha. Mai vake, vakanga vachiri mudzimai wechidiki, vakanga vagerepo, vaine chirwere chenhetemwa, vachena musoro wose, nokuda kokutarisa mwana wavo achifa zvishoma nezvishoma. TB inoita muchibereko chamadzimai, yakanga yapararira maari. Airema mapaunzi makumi matatu namanomwe, ndinofunga kuti ndizvo, maererano namafungiro avo. Vakanga vasisakwanisi kumusimudza kuti vamuise pabhedhipani; Vaitoisa shiti pasi pake, rerabha. Kwamakore mapfumbamwe nemwedzi misere, akanga akarara ipapo, asingakwanisi kana kusimudza musoro kuti aone muti wakanga uri padivi rehwindo.

¹³⁵ Rimwe zuva, ndakamira, pamusoro pechikomo, kwaGeorge Wright, Mweya Mutsvene wakati kwandiri, “Simuka umire.” Uye ndakatarisa, pakanga paine Chiedza chaipenya nomumuti, chakati enda nenzira yokwaWright, kana kuti, “Enda nenzira yokwaCarter.”

¹³⁶ Pandakasvika ikoko, Ishe Jesu vakanga varatidza mai vake nechiratidzo kuti ndakanga ndichiuya. Ndakapindamo musikana uyu akanga akarara pamubhedha, akanga akaneta zvokuti akanga asina simba rokusimudza kapu yokupfira. Mai vake vaiisimudza, kuti “u-u,” aedze kupfira mukapu umu, ane TB. Ndikati, “Hanzvadzi Georgie. Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari, asangana neni murenje, hafu yeawa yapfuura, uye andiudza kuti ndiise maoko pauri. ZVANZI NAJEHOVHA, simuka umire netsoka dzako!”

¹³⁷ Pfungwa yechitanhatu yakatanga kushanda, Simba rikabata musikana uyu, kokutanga mumakore matatu . . . kana mumakore mapfumbamwe ne—nemwedzi misere, akanga asati ambofamba, akasvetuka, akamhanya muruvazhe, achiropafadza miti nohuswa nazvose, ndokundogara papiyano nokutanga kuridza, *Riripo Tsime rizere, neRopa raJesu.*”

Chii? Kufunga kunoiswa pasi . . .

¹³⁸ Akanga asingakwanisi kuzviita. Handizivi ikozvino. Handizombozivi. Isimba raMwari chete rakamusimudza. Makumbo ake akanga asina kukura *seizvi*, pano paanosangana mabhonzu apa; hapana chokufananidza nacho, kuda kuita somubhato webhurumu. Pava namakore gumi namaviri, kana gumi namana apfuura, ikozvino akasimba uye ane hutano, achitenda Ishe Jesu.

¹³⁹ Chakanga chiri chii? Kokutanga, pakaita sokunge pakanga pasina chiri kuitika, asi pfungwa dzinogona kunge dzakataura kuti hazviitiki. Asi, hama, akaramba akabata paShoko. Kana Mwari akakwanisa kupodza musikana uyu akanga akaremara wokwaSalem musikana uyu wokwaNale, akanga akaremara uye ari mhetamakumbo, namaoko ake akaremba *seizvi*, akapodzwa, Aikwanisa kumupodzawo, zvakare. Akazvitenda.

¹⁴⁰ Zvino Hama Hall, vakarara, vachifa nekenza; murume mumwe cheteyo akandiendesa ikoko. Chiremba wake wokuMilltown akamutumidzira kuna chiremba ari New Albany, kuno uku, ndipo pane Chipatara cheSaint Edwards. Ndakanganwa . . . Akabatsira kuponwa kwavana vangu; munhu akanaka, chiremba akanaka. Akamutarisa, akati, “Kenza.” Akati kuna Chiremba Brown, vokuMilltown, akati, “Ari kufa.” Chiremba Brown vakati, “Ndanga ndichifunga kudaro.”

¹⁴¹ Vakamutora vakaenda navo kuhanzvadzi yavo, i—inova hama yaVaKopp, aimbova mutongi muguta. Zvino pavakasvika ikoko, vakati, “Ingomuchengetai pano kusvika afa.”

¹⁴² Zvino vakandidana kuti ndiendeko. Ndakaendako, zuva nezuva, nomudzimai wangu, ari kumashure uko. Takanamatira Hama Hall. Ndaivada. Vakanga vari mumwe wavanhu vandakatungamirira kuna Kristu. Zvino vakaramba vachidzikira zvakanyanya muhutano, zvokuti vakanga vasisakwanisi kufambisa maoko avo.

Mai Hall vakati, “Billy, hapana chinhu chaungakwanisa kuita here?”

¹⁴³ Ndikati, “Hapana chandiri kuziva, Hanzvadzi Hall. Handina kana shoko randanzwa kubva kunaShe. Ndingada . . .” Ndikati, “Ndingada kuti chiremba wangu avatarise.”

Vakati, “Chiremba wenyu ndiani?”

Ndikati, “Chiremba Sam Adair.”

¹⁴⁴ Zvino ndakashevedza Sam. Sam akati, “Chinhu choga, chandingaita kuvatumidzira kuLouisville, Billy, kuti vatorwe ekisireyi nezvimwe.” Akati, “Ndozokuudzai kuti zvafamba sei.” vakatumira ambureni, ikavatora, ikaenda navo; vakadzoka.

¹⁴⁵ Sam akandidana, akati, “Billy, ane kenza muchiropa. Hatikwanisi kubvisa chiropa chake, iye agokwanisa kurarama.” Akati, “Muparidzi, anofanira kunge akagadzirira zvino. Mungatomuudza zvenyu kuti ava kufa.”

¹⁴⁶ Ndikati, “Vagadzirira kuenda, Sam. Asi, chinhu chiripo, handifari kuvaona vachienda. Ihama yangu, zvakare ndinovada.”

Zvino ndakafunga, “O-o Mwari, ndiitirei chimwe chinhu.”

¹⁴⁷ Ndakaenda kundovhima tsindi mangwanani aya. Ndakatarisa panze zuva risati rabuda, hapana akanga ari pachivazhe; ndakatora pfuti yangu ndikatanga kubuda mumba. Pakanga paine apuro rakaremba kumadziro. Ndakafunga kuti, “Meda ariisirei kumadziro?” Ndakatarisa, ndikaona rimwe nerimwe nerimwezve, kusvikira ava matanhatu akanga akaremba ipapo. Ndakabvisa ngowani yangu ndikapfugama, pasi. Ndakatarisa, ndikaona rimwe apuro guru rakanaka richiuya rikadya mamwe maapuro ose. Ndakatarisa pamusoro, ndikaona Chiedza ichi (chiri pamufananidzo apo) chakamira ipapo, chichitenderera, chikati, “Simuka umire. Enda undoudza vaHall, ‘ZVANZI NAJEHOVHA,’ havachafi, asi vacharama.”

¹⁴⁸ Ndakaenda ndikandovaudza. Pakanga pasina mutsauko pavari, asi vakazvitenda. Vakabatira pazviri. Pakanga pasina mutsauko, waionekwa. Zuva rakapfuura, pasina mutsauko. Zuva rechipiri, hapana kuva nomutsauko. Nezuva retatu, vakatanga kushanduka. Zvino havo vari pano vari kurarama nhasi, mushure mamakore akawanda.

¹⁴⁹ Ndiri kuona vakagara apo, Mai Weaver. Kana, ndisina kukanganisa. Pakauya mwanasikana wavo, mushure mokupodzwa kwaMargie Morgan, ndakaenda ikoko uye hapana chaikwanisa kuitwa nomudzimai uyu. Akanga achizofa mushure mamaawa mashoma kwazvo. Vaimubaya jekiseni, kana maviri, avaimupa, ndizvozo bedzi. Vakanga waitwa oparesheni yechibereko, kenza yakanga yapinda mumusana wavo. Yakapararira pavakavhiyiwa, pakanga pasisina chokuita kumudzimai uyu. Ndakanga ndichida kutaura naye nezvokupodzwa.

¹⁵⁰ Asi vakati, “Changamire, muri muparidzi waIshe Mwari, uye handina kukodzera kuti muuye mumba mangu.” Vaizviti havana kukodzera kuti muparidzi auye. Vakati, “Ndakararama hupenyu. Ndakatamba dhanzi. Zvino ndakaita zvinhu zvandisingafaniri kuita. Ndaitaura zvakaipa, nezvimwe.” Vakandiudza zvivi zvavo, uye vakati, “Handina kukodzera.”

151 Ndakaona kuti vari kutaura zvakanaka. Vaifanira kutanga vaisa Kristu mukati *umu* pfungwa yechitanhatu, pfungwa yakakwana isati yatanga kushanda.

152 Takapfugama pasi. Ndakataura navo pamusoro pokuti “kunyange zvivi zvako zvakatsvuka.” Vakapa hupenyu hwavo kuna She Jesu Kristu. Zvino pavakadaro, vakati, “O-o, o-o, ndiri kunzwa zvino mutsauko. Chimwe chinhu chaitika kwandiri. Chimwe chinhu chaitika kwandiri. Ndiri kuda kukwazisana maoko nemi mose.”

153 Zvino pakarepo ndakatarisa ndikavaona muchiratidzo, vachienda kuseri kwemba kudanga rehuku. Ndakati, “Mai Weaver, ZVANZI NAJEHOVHA, muchafamba muchienda kudanga rehuku iro, uye muchararama.”

154 Havana kufamba namanzwiwo avo; kenza yakanga yavadya. Vakanga vasingakwanisi kufamba nezvakanga zvataurwa nachiremba; vakanga vava kufa. Zvino zvakaitika, ndinofunga, makore gumi namana, kana makore gumi namashanu apfuura, Mai Weaver? [Mai Weaver vanoti, “Gumi namana.”—Mupepeti.] Makore gumi namana apfuura. Vakadzadzarika vachiyu kuTabernakeri ino pavairwara, zvairatidzika sokunge vakanga vasingakwanisi kubva pamubhedha, maoko avo aingova mapfupa; nokuti vakanga vavimbisa Mwari kuti vaizouya kuzobhabhatidzwa muZita raJesu. Takavasimudza kubva pawiricheya, zvakadaro, varimo mucheya, takavatora ndokuenda navo kudziva uye ndokuvabhabhatidza muZita raJesu. Zvino havo vagere pano, husiku huno. Kana muchida kuona munhu ano hutano vatarisei. Chii? Kukunda pasi kufunganya nezvesainzi, nazvose, nokuti pfungwa yechitanhatu yatanga kushanda. Ndizvo.

155 Tarisai, regai nditaure izvi zvakare, kwekanguva. Jesu akapfuura napaiva nomumwe muti imwe nguva, uye waiva muti womuonde. Zvino akatarisa muti womuonde. Zvino, ndapota, musarasikirwa neizvi. Akatarisa muti womuonde, zvino wakanga usina maonde. Uye akati, akatuka muti achiti, “Pashayiwe munhu anodya pauri.”

156 Vadzidzi vakatarisa; muti wakangoita sezvawakanga uri. Mushure meawa, wakaramba uchingoratidzika zvimwe chete. Mwari haana kuvhura nyika akaumedza. Mwari haana kumbotumira mheni kubva kudenga kuti iupise kuita madota. Aikwanisa kuzviita, chokwadi Aikwanisa. Haana kumboita zvinhu izvi.

157 Chii chakaitika? Muti wakanga watukwa. Kutenda kwaMwari kwakanga kwaiswa kuchipesana nohupenyu hwomuti. Hapana chawaikwanisa kuona pane zvinoonekwa. Asi pakadzika pasi penyika, pakadzika pamidzi yomuti, rufu rwakanga rwava kutanga kupinda. Wakanga watukwa. Pfungwa

yechitanhatu yakanga yava kurwisana nawo. Waifanira kufa. Wakatanga kufa kubva pamidzi.

¹⁵⁸ Ndizvo zvinhu zvimwe chete zvinotika kukenza, ndizvo zvimwe chete zvinoitika kubundu, ndizvo zvimwe chete zvinoitika kuchirwere chose kana simba repfungwa yechitanhatu raShe Mwari rasimuka richipesana nacho. Akati, “Satani buda.” Unogona kusaona zvinokwanisa kuonekwa panyama zvichiitika pakarepo. Asi kutenda uku kunoramba kwakabata zvakadaro. Chatukwa. Pfungwa yechitanhatu, pfungwa yakakwana iyi haizviregedzi. Haiteereri kuti unonzwa sei, unoratidzika sei, unozvibata sei. Haina chokuita nazvo. Shoko raMwari rinenge raitwa. Pfungwa yechitanhatu inoribata. Ndizvozvo chete. Inotanga kushanda; kenza inotanga kuderera. Inofa kubva pamidzi, yopera. Zvirokwazvo.

¹⁵⁹ Nepfungwa yechitanhatu ine simba iyi, humambo hwakawisirwa pasi, madziro akawira pana mamwe.

¹⁶⁰ Nepfungwa yechitanhatu iyi, Gungwa Dzvuku rakazaruka, vana vaMwari vakafamba pavhu rakaoma vachipukunyuka.

¹⁶¹ Nepfungwa yechitanhatu iyi, Samsoni akakunda churu chehondo yamaFiristia vakanga vaine nhovo namapfumo. Akanga asina nzira yokuzvidzivirira nayo, asi rushaya rwembongoro. Uye pfungwa yechitanhatu yakatanga kushanda, akauraya churu chamaFiristia. Hareruya!

¹⁶² Nepfungwa yechitanhatu iyi, vakafa vakamutswa. Nepfungwa yechitanhatu iyi, mashura makuru akaitwa.

¹⁶³ Isimba guru kupinda rose rati rambosvika panyika, ipfungwa yakakwana iyi, inonzi pfungwa yechitanhatu. Haina chokuita nezviri muno umu; kana zviriri muno *umu* zvichibvuma uye zvichiti “ameni” kwaIri, zvose zvakanaka, uri kufambira mberi; asi zvisinei kuti izvi zvati chiii, tenda *Izvo*. Apa ndipo pane simba, “kana uchitenda mumwoyo mako.” Mazivire epfungwa aya, ari muhurozvi hwako, asi pfungwa yako yechitanhatu inogara mumwoyo. Unotenda nomwoyo wako. Kupupura kunoitwa nomuromo. *Unotenda* nomwoyo wako, hongu, changamire, pfungwa yechitanhatu iyi, simba guru iri.

¹⁶⁴ Tererai, nokuda kwepfungwa yechitanhatu iyi, paiva nomuprofita akakandwa mugomba reshumba. Zvino nokuda kwepfungwa yechitanhatu iyi, shumba hadzina kukwanisa kudya Dhanieri. Hadzina kukwanisa. Hadzina kukwanisa kusvika padyo naye, nokuda kwepfungwa yechitanhatu, pfungwa yakakwana.

¹⁶⁵ Nepfungwa yechitanhatu iyi, vanakomana vechiHebheru vakakandwa mugomba romwoto vakadzivisa marimi omwoto. Pfungwa yechitanhatu! Mafungiro enyama anogona kuratidza kuti vachapiswa vachibva vafa pakarepo vasati vapinda mauri, asi pfungwa yechitanhatu yakagara navo imomo kwamaawa maviri kana matatu. Zvino pavakazarura gomba romwoto,

vakaona Mumwe akamira pakati pavo, akaita soMwanakomana waMwari. Ndiyo pfungwa yechitanhatu. Mwoto wakatadza kuipisa. Hongu, changamire.

¹⁶⁶ Yaiva pfungwa yechitanhatu imwechete iyi, imwe nguva, yakaita kuti muApostora Petro ari mujeri, vachizomudimura musoro, zuva raitevera. Zvino kumba kwaJohn Mark kwakanga kuine musangano wokunamata. Pfungwa yechitanhatu yakatanga kushanda mujeri, paakanga anamatirwa. Pfungwa yechitanhatu yakatanga kushanda. Shongwe yoMwoto yakauya pahwinda ikabata Petro, ikati, “Uya, buda muno.” Pfungwa yechitanhatu!

¹⁶⁷ Yaiva pfungwa yechitanhatu yakaita kuti Pauro asanyura mugungwa guru, chikepe chidiki pachakanga chava kuda kunyudzwa nemvura. Yaiva pfungwa yechitanhatu yakaita kuti chisanyura, pfungwa yakakwana. Ipfungwa yechitanhatu, yakaita kuti, paakarumwa nenyoka paruoko, akaizunzira mumwoto. Ipfungwa yechitanhatu yakazviita.

¹⁶⁸ Ipfungwa yechitanhatu yakamutsa Jesu Kristu kuvakafa, mushure mokuenge Afa, nokuti Aitenda Shoko raMwari. Akati, “Paradzai mutumbi uyo, uye Ndichamumutsa zvakare nezuva retatu. Nokuti Dhavidhi akati, ““Handingaregi Mutsvene Wangu achiona kuora, kana kusiya mweya Wake muGehena.”” Yaiva pfungwa yakakwana iyi. Yakaramba kushanda kwedzimwe pfungwa *idzi*. Tenda pfungwa yakakwana, pfungwa yokutenda, inopihwa naJesu Kristu.

¹⁶⁹ Nepfungwa iyi, Mwari akataura pakanga pasina chinhu. Pfungwa iyi chii? Pfungwa yakakwana iyi ndiMwari, kutenda kwaMwari mauri, chikamu chaMwari chinouya mauri chokupa fungwa yakakwana iyi. Nepfungwa yakakwana iyi, Mwari akaumba nyika pamwe chete nezvinhu zvakanga zvisipo nezvakanga zvisingaonekwe. Akataura Shoko Rake Akatenda Shoko Rake, nyika ikavapo. Girori!

¹⁷⁰ Pfungwa yechitanhatu, pfungwa yakakwana, O Mwari, idururei mandiri. Ndipei pamwe navamwe vose vanoida. Dururai pfungwa yenyu yechitanhatu mandiri, Ishe. Ndakagadzirira kupira mazivire mashanu awa, kuziva kwangu, kufunga, ndichiramba kufunga kose, Ishe. Shoko Renyu ngarive rechokwadi, romumwe munhu rive renhema. Kufunga kose, kukahadzika kose, kurasirwe kure, uye regai ndifambe nepfungwa yakakwana, pfungwa yoMweya Mutsvene.

¹⁷¹ Hamuzvidi here? Ndicho chinhu chatinoda. Mwari akuropafadze, shamwari. Ndizvo zvamunoda. Pfungwa iyi yakakwana inokumbira chinhu uye yoziva kuti Achachipa. Inogutsikana, “Nokuti uyo anouya kuna Mwari anofanira kutenda kuti Ariko, uye mupi womubayiro kuna avo vanoMutsvaga zvakaperera.”

¹⁷² Kana pfungwa yechitanhatu ikati, “Mwari anochengeta Shoko Rake. Ndinozvipira kwaAri. Ndinopira zvose zvandinazvo, kwaAri. Mazivire angu anoti izvi zvichaitika, kutenda kwangu muShoko raMwari,” ipapo dana chipi zvacho, chinopesana nazvo, kunge zviripo.

¹⁷³ Abrahama akasangana naMwari, uye Mwari akati, “Uchava nomwana naSara.” Iye ava namakore makumi manomwe namashanu, nomudzimai ava namakore makumi matanhatu namashanu. Abrahama akadana zvose zvakanga zvisipo, zvaipesana neizvi, sokunge zvisipo. Akafamba sokunge aiwona Mwari, uye iye—iye akatenda.

¹⁷⁴ Akati zvose zvaipesana, kufunga kose, zvimwe zvose izvo... Chiremba angadai akati, “Ko, Abrahama, wakura zvakananyanya kuti ukwanise izvi.” Hazvina mutsauko wazvinoita kuti chiremba ati chii, kana kuti mumwe munhu ati chii, kana kuti pfungwa yake yakati chii, kana kuti chimwe chinhu chaiti kudii. Mwari akanga ataura chokwadi, uye akabatira pazviri.

¹⁷⁵ Ndiyo pfungwa yechitanhatu, pfungwa yakakwana. “Mwari, ngaaipe kwandiri. Mwari, regai ndiiwedzerwe,” kuti ndishumire vanhu Vake, ndiwo munamoto wangu.

¹⁷⁶ Mangwanani ano, mai ava pavauya nomwana ane vhudzi dzvuku, vamire apa, misodzi ichierera pamatama avo. Ndati, “Chii chikonzero, hanzvadzi?”

¹⁷⁷ Vakati, “Hama Branham, ane kenza yomuropa.” Ndakanzwa chimwe chinhu chichisimuka. O-o, Mubatsiri ari padyo munguva yokutambudzika.

¹⁷⁸ Pano nguva shoma yapfuura, Billy neni taiva mumugwagwa, tichidhiraiuva. Vamwe vakomana vechitema vaivavo mumugwagwa vachimhanyisa motokari, vakarova imwe motokari vachipfuura ndokubva motokari yatanga kutenderera-tenderera ndokukandira vakomana vose panze mumugwagwa, zvino mumwe wavo akatsikirirwa pasi pemotokari napamusana. Vamwe vakomana vacho vakamuka vakatanga kuisimudza. Iye akati, “O-o, ndapota, musana wangu wava kutyoka! Musadaro! Munondiuraya! Munondiuraya! Musadaro!”

¹⁷⁹ Zvino ivo vakati, “O-o, tinofanira kuibvisa pauri, yava kubatira mwoto.” Vakati, “Rega. . .”

¹⁸⁰ “Musaisimudza, munondiuraya! Musadaro! Musadaro!”

Ndakadanidzira, “Mukomana, uri muKristu here?”

Akati, “Kwete, changamire.”

Ndakati, “Wotonamata.”

Akati, “Hongu, changamire.”

¹⁸¹ Pfungwa yechitanhatu yakatanga kushanda. Ndakatenderera neseri kwemotokari, uye handifungi kuti ndichaziva kuti zvakaaita sei kusvika musi woKutongwa, asi,

pakarepo, motokari yakasimuka ikabva paari, iye ndokumuka asina kukuvara. Chaiva chii? “Mubatsiri ari padyo munguva yokutambudzika!”

¹⁸² Takanga tichibva . . . Mudzimai muduku wechitema akanga achityaira motokari, itsva yorudzi rwePlymouth, yakanga yafamba mamaira mazana mana chete. Akanga achimhanyisa kwazvo. Zvino ndakaona motokari iyi. Yakarovera mberi kwayo kose ndokupinda mumuti. Billy neni takamira. Paiva nomugwagwa, waitsvedza nechando pamberi pedu, asi chakanga chaoma. Musikana . . . Mhepo yakanga ichivhuvhuta kwazvo, kuMinnesota, zvokuti yakanga yava kupeperesa motokari mumugwagwa. Unozvirangarira here, Billy? Ndakamhanya ikoko kwaiva. Uye, ari ipapo, akati, “O-o, ndava kufa. Ndava kufa.” Vakadana amburenzi.

¹⁸³ Amburenzi yakauya, zvino maiva nomunhu akafa muamburenzi. Zvikanzi, “Handikwanisi kumutakura.”

¹⁸⁴ Zvino murimi akati, “Zvakanaka, tumirai mumwe munhu, nokukurumidza, mudzimai uyu ari kufa.”

Ndakaendapo, ndikati, “Mudzimai imbomirai zvishomashoma.”

¹⁸⁵ Akati, “O-o, musandibata, changamire. Musandibata. Musana wangu!”

¹⁸⁶ Ndikati, “Mudzimai, uri muKristu here?” Akanditarisa. Uye ndikati, “Ndiri muparidzi weEvhangeri. Kana wava kufa, wakamira sei naMwari?”

Akati, “Changamire, ndinoda kuva muKristu, ikozvino.”

¹⁸⁷ Zvino pfungwa yechitanhatu yakatanga kushanda. Simba raMwari rakadzika. Akakwanisa kubuda mumotokari, pasina munhu aimubatsira. Simba raMwari, riripo, “Mubatsiri ari padyo munguva yokutambudzika.”

¹⁸⁸ Tinofamba nokutenda. Tinorarama nokutenda. “Vakarurama vachararama nokutenda.” Tinofanira kurarama nenzira iyi. Ndivanaani vangada kuva nepfungwa yechitanhatu, pfungwa yakakwana? [Ungano, “Ameni.”—Mupepeti.]

Ngatikotamisei misoro yedu zvino, patava kunamata.

¹⁸⁹ Ishe vanokosha, Mwari wedu naBaba vedu, Makatinakira kwazvo. Makatipa zvinhu zvishanu zvokuziva nazvo, uye dzokufamba nadzo, pano panyika, kana—kana dzokushandisa panyika. Tinokwanisa kunzwa zvinhu zvinobatika, namavoko edu, zvinhu zvinobatika. Makatipa kunzwa, kuti tikwanise kunzwa. Tinofara neizvi, kuti tinokwanisa kunzwa Shoko raMwari, uye, nokuti, “kutenda kunouya nokunzwa, kunzwa Shoko raMwari.” Tinokutendai namazivire awa matanhatu, Ishe. Dai tikadzichengetedza mazuva ose ohupenyu hwedu.

¹⁹⁰ Asi dai pfungwa yakakwana iyi, dai pfungwa yokutenda, inova yomutendi, nokuti akafanira kuva nayo kuti atende. Ishe, iwedzerei kwatiri. O-o, tisukei, Ishe, uye tiedzei, mutizadze norunako Rwenyu nesimba Renyu. Tifambe mazuva ose ohupenyu hwedu, nepfungwa yechitanhatu, pfungwa yokutenda, inongopiwa bedzi naJesu Kristu. Kuti zvatinonamatira, dai tikatenda kuti tazvigamuchira, tisina kukahadzika mumwoyo yedu, uye Makavimbisa kuti zvinoitika.

¹⁹¹ Ava vanga vakasimudza maoko, Ishe, ndinovanamatira. Vanga vaine zvikumbiro. Munoziva kuti zvanga zviri chii. Ndinonamata kuti Muzviite, chimwe nechimwe chazvo. Dai zvishuwo zvavo, zvikazadzikiswa. Ndinozvikumbira muZita raJesu. Amen.

Faith in the Father, faith in the Son,
Faith in the Holy Ghost, these three are One;
Demons will tremble, and sinners awake;
Faith in Jehovah will anything shake.

¹⁹² Makamborunzwa here urwu? Zvino tichiimba pasina zvinoridzwa, kwekanguva chete.

Faith in the Father, faith in the Son,
Faith in the Holy Ghost, these three are One;
Demons will tremble, and sinners awake;
Faith in Jehovah makes anything shake.

¹⁹³ Ndizvozvo. O-o, imiwe! Kutenda kunokosha! Kutenda kunokosha, kunobwinya. Mwari, ndipei kutenda. “Nokutenda, Abrahamu. Nokutenda, Isaka. Nokutenda Abheri akapa chibayiro kuna Mwari chakanaka kudarika chaKaini; kunyange akafa, asi chinotaura.” O-o, kutenda uku tinokuda sei! NdinoMuda. Ndinoda kutenda kwakanyanya. Chishuwo changu muhupenyu huno, negore idzva riri kuuya iri, kuva nokutenda kwakanyanya muna Mwari. Mwari, bvisai kupokana kose kungava mupfungwa dzangu, kana kuchazovapo. Satani anondirwisa, anorwisa iwe, anoedza kukanda miseve yake. Asi dai ndava nenhovo yokutenda nguva dzose pamberi pangu, kuti ndidzivise manomano owakaipa, kuvhika, kuwisira pasi miseve yake, ndiwo munyengetero wangu wakaperera. Mwari akuropafadzei.

¹⁹⁴ Mune chokutaura here, Hama Neville? [Hama Neville vanoti, “Kwete, asi kungoti...”—Mupepeti.] Uyai. [Hama Neville vanopa zviziviso, chapupu, nomunamato wokuvhara]



PFUNGWA YECHITANHATU SHO59-1227E
(A Super Sense)

Mharidzo iyi na William Marrion Branham, yakaparidzwakwokutanga ne Chirungu Svondo manheru, Zvita 27, 1959, paBranham Tabhenakiri kuJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva pa tepi yaka rhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©1994 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org